

Sonje byen, plan Medicare yo ka chanje chak ane

Dat enpòtan Medicare yo

Septanm ak Oktòb—Revizyon ak konparezon

Revizyon: Plan w lan ka chanje. Revize tout avi ki soti nan plan w lan sou chanjman pou ane pwochèn yo.

Pou w fè yon konparezon: Ale sou Medicare.gov/plan-compare pou jwenn ak konpare plan ki satisfè bezwen w yo.

15 oktòb—Enskripsyon an ap Kòmanse

Se sèl moman nan ane a kote tout moun ki gen Medicare ka fè chanjman nan plan sante ak medikaman yo a pou ane kap vini an.

Deside: 15 oktòb se premye jou ou ka chanje kouvèti Medicare w la pou ane pwochèn.

7 desanm—Enskripsyon yo ap fini

Nan pifò ka yo, 7 desanm se dènye jou ou ka chanje kouvèti Medicare w la pou ane pwochèn. Plan an dwe resevwa fòmilè enskripsyon w lan anvan 7 desanm.

1ye janvye—Kouvèti asirans lan ap kòmanse

Nouvo kouvèti asirans ou a ap kòmanse 1ye janvye si w pase nan yon nouvo plan. Si ou rete nan menm plan an, p ap gen okenn chanjman nan kouvèti asirans ou an, avantaj yo oswa pri yo pou nouvel ane a ap k ap kòmanse 1ye janvye a.

Fè chanjman nan kouvèti asirans ou an apre 1ye janvye

Ant 1 janvye–31 mas, si ou nan yon Plan Avantaj Medicare, ou ka kite plan w lan epi pase nan yon lòt Plan Avantaj Medicare ak oswa san kouvèti pou medikaman oswa ou ka pase nan Medicare Orijiinal la. Si ou ale nan Medicare Orijiinal la, w ap jwenn opsyon tou pou w rejwenn yon plan Medicare pou medikaman. Kouvèti ou a ap kòmanse premye jou nan mwa ki vin aprè ke plan an resevwa fòmilè adezyon ou an. Nan kèk ka, ou ka gen posiblite pou fè lòt chanjman si ou kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal.

Medicare.gov

1-800-MEDICARE

(1-800-633-4227)

TTY: 1-877-486-2048

Ou gen dwa pou w jwenn enfòmasyon Medicare nan yon fòm aksesib, tankou enpresyon sou gwo fòm, sou fòm bray oswa odyo. Ou gen dwa tou pou pou w depoze yon plent si ou santi ou te viktim diskriminasyon. Ale sou Medicare.gov/about-us/accessibility-nondiscrimination-notice, oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou w ka jwenn plis enfòmasyon. Itilizatè TTY yo ka rele nan 1-877-486-2048.

Pwodui sa a te pwodwi gras ak taks kontribyab ameriken yo.

CENTERS FOR MEDICARE & MEDICAID SERVICES

Nimewo Pwodwi CMS (Centers for Medicare & Medicaid Services) 11220

Li te revize nan mwa Out 2022



Eske w te fè

Revizyon Plan Medicare Chak Ane ou a?

Enskripsyon Louvri pou Medicare

15 Oktòb–7 Desanm



Medicare vin pi fò paske l bay plis chwa, pi ba pri, ak pi bon fason pou jwenn enfòmasyon ou bezwen yo.

Chak ane pote nouvo chwa plan sante ak kouvèti medikaman. Revize asirans sante ak medikaman w gen kounye a chak sezon otòn, epi asire w plan w la toujou bon pou ou.

Pa bliye pwofite avantaj prevantif ou yo, tankou tè depistaj kansè ak vizit "Byennèt" chak ane yo. Telechaje aplikasyon mobil gratis "What's Covered" sou App Store oswa sou Google Play pou w jwenn detay sou kouvèti Medicare sou telefòn mobil ou.



Èske plan mwen an bon pou mwen?

Sit entènèt [Medicare.gov/plan-compare](https://www.medicare.gov/plan-compare) rann li vin pi fasil pou konpare opsyon asirans yo epi chèche pami plan yo. Li posib pou w jwenn plan nan zòn ou an ki:

- ✓ Koute mwens.
- ✓ Kouvri medikaman sou preskripsyon w yo.
- ✓ Kite w ale kot founisè w vle yo, tankou kot doktè w oswa famasi w.
- ✓ Ofri kèk avantaj anplis ke Original Medicare pa kouvri, tankou swen pou je, zòrèy, dan, ak plis ankò.

Ou ka jwenn tou:

- ✓ Yon estimasyon depans k ap soti nan pòch ou yo.
- ✓ Evalyasyon kalite ak sèvis kliyantèl manm aktyèl plan yo.

Si w vle chanje plan, rele plan w vle enskri ladan l lan. Medicare ka ede w enskri tou—sou entènèt, an pèsòn oswa nan telefòn. **Si w satisfè ak pwoteksyon w gen kounye a epi w panse l ap satisfè bezwen w yo pou ane pwochèn, ou pa bezwen fè anyen..**

Sonje, pandan Enskripsyon Medicare la Louvri a, ou ka deside rete nan Original Medicare la oswa enskri nan yon Plan Medicare Advantage. Si w deja nan yon Plan Medicare Advantage, ou ka itilize Peryòd Enskripsyon an pou w retounen nan Original Medicare la.

Gen 4 fason w ka jwenn èd:

1. Ale sou [Medicare.gov/plan-compare](https://www.medicare.gov/plan-compare) pou aprann epi konpare opsyon kouvèti asirans yo epi achte plan sante ak medikaman yo.
2. Gade nan manyèl ki pi resan "Medicare & You" w la pou w ka jwenn yon lis plan nan zòn ou an. Revize tout enfòmasyon plan w gen kounye a ba w yo, tankou lèt "Annual Notice of Change" lan.
3. Rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo ka rele nan 1-877-486-2048. Si w bezwen èd nan yon lòt lang ki pa Anglè oswa Espanyòl, fè reprezantan sèvis kliyan an konnen ki lang ou bezwen an.
4. Rele Pwogram Asistans Asirans Sante Eta w la (State Health Insurance Assistance Program, SHIP) pou w ka jwenn konsèy pèsonalize sou asirans sante gratis. Ale sou [shiphelp.org](https://www.shiphelp.org), oswa rele 1-800-MEDICARE pou jwenn nimewo telefòn pou eta w la.

Kòman m ka jwenn èd pou m peye frè Medicare mwen yo?

Si w bezwen èd pou peye prim Medicare w yo ak lòt depans yo, ale sou [Medicare.gov](https://www.medicare.gov) pou jwenn enfòmasyon sou Pwogram Epay Medicare yo ak lòt pwogram ki ka ede w ekonomize yo.

Si w gen revni ak resous ki limite, ou ka kalifye pou jwenn Èd Anplis pou w peye depans medikaman sou preskripsyon Medicare ou yo. Ale sou [ssa.gov/i1020](https://www.ssa.gov/i1020) pou w ka aplike sou entènèt. Ou ka rele Sekirite Sosyal tou nan 1-800-772-1213. Itilizatè TTY yo ka rele nan 1-800-325-0778.